# Қоңырат районы ҳәкими тайынланды

Image not found or type unknown

Қоңырат районы ҳәкими лаўазымына Мадаминов Бекзод Баходирович тайынланды.

Мағлыўмат ушын, Мадаминов Бекзод Баходирович мийнет жолы даўамында Өзбекстан Республикасы Финанс министрлигиниң Қарақалпақстан Республикасы бойынша ғазнашылық басқармасында сектор баслығы, Беруний районы бойынша ғазнашылық бөлими баслығы, Беруний районы ҳәкиминиң инвестициялар, инновациялар, меншиклестирилген кәрханаларға көмеклесиў ҳәм киши санаат зоналары ҳәм де туризмди раўажландырыў мәселелери бойынша орынбасары сыяқлы бир қатар жуўапкерли лаўазымларда жумыс ислеген.

Ол бүгинги күнге шекем Мәмлекетлик активлерин басқарыў агентлигиниң Қарақалпақстан Республикасы басқармасы баслығы болып ислеп келди.

Еслетип өтемиз, усы күнге шекем Қоңырат районы ҳәкими лаўазымында Қ.Халмуратов ислеп келген еди.

**ҚР Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети**